



PEMERINTAH KABUPATEN SLEMAN
DINAS PENDIDIKAN
TES KENDALI MUTU (TKM) SD/MI
KURIKULUM 2013

SEMESTER GASAL, TAHUN PELAJARAN 2020/2021

Muatan Pelajaran : Bahasa Jawa
Kelas : VI (Enam)
Hari, tanggal : Selasa, 1 Desember 2020
Waktu : 09.30 - 11.00

PETUNJUK UMUM

1. Tulislah identitas Anda pada lembar jawaban yang tersedia!
2. Waktu yang disediakan 90 menit untuk mengerjakan soal ujian ini
3. Jumlah soal sebanyak 35 butir.
4. Periksa kelengkapan soal ujian dan bacalah soal - soal sebelum Anda menjawabnya.
5. Laporkan kepada pengawas apabila terdapat lembar soal yang kurang jelas, rusak atau tidak lengkap.
6. Kerjakan soal sesuai bentuk soal.
7. Tidak diizinkan menggunakan kalkulator, HP, tabel matematika atau alat bantu hitung lainnya.
8. Periksa pekerjaan Anda sebelum diserahkan kepada pengawas!

KD 3.1

Wacanen kanthi patitis kanggo pitakon nomor 1-5!

Museum Kereta Kraton Ngayogyakarta

Dina Minggu Lestari karo bapak lan ibune menyang Museum Kereta Kraton Ngayogyakarta. Papane ora adoh saka Kraton Ngayogyakarta yaiku ing Jalan Rotowijayan, Kelurahan Kadipaten, Kecamatan Kraton, Kota Yogyakarta. Prenahe ing sisih kidul kulon Alun-Alun Lor, Kraton Ngayogyakarta.

Museum Kereta Kraton Ngayogyakarta wiwit dibangun nalika jaman Sri Hamengkubuwono VII. Sri Hamengkubuwono VII miyos nalika tanggal 4 Februari 1839 lan seda tanggal 30 Desember 1931. Raja Kraton Ngayogyakarta iku nalika timur asma Gusti Raden Mas Murtejo. Panjenengane katelah Sultan Sugih amarga kagungan pabrik gula cacahé pitulas Pabrik.

Koleksi Museum Kereta Kraton ana rorikur. Keretane ana sing umur puluhan tahun lan atusan taun. Saben kereta ana jenenge dhewe-dhewe. Kereta sing umure tuwa dhewe yaiku Kereta Kanjeng Nyai Jimat, digawe nalika taun 1750, kereta digeret jaran wolu, pire saka lulang kebo. Saben tanggal 1 Sura utawa 1 Muharam kereta-kereta diwetokake saka museum saperlu dijamasi. Pamrihe, supaya tetep resik lan ora gampang rusak.

Kapethik saking Ajar Basa Jawa kaca 6-7

Wenehana tanda ping (X) ana ing aksara A, B, C utawa D ing prathelan kang bener ing lembar jawab!

1. Irah-irahan wacan ing dhuwur yaiku
 - A. Museum Kereta Ngayogyakarta
 - B. Museum Kraton Ngayogyakarta
 - C. Museum kereta kuno Ngayogyakarta.
 - D. Museum Kereta Kraton Ngayogyakarta
2. Lestari karo bapak lan ibune menyang Museum Kereta Kraton Ngayogyakarta ing dina
 - A. Selasa
 - B. Minggu
 - C. Jumat
 - D. Senin
3. Prenahe Museum Kereta Kraton Ngayogyakarta yaiku
 - A. ing sisih lor wetan Alun-Alun Lor, Kraton Ngayogyakarta.
 - B. ing sisih kidul kulon Alun-Alun Lor, Kraton Ngayogyakarta.
 - C. ing Jalan Rotowijayan, Kelurahan Kadipaten, Kecamatan Keraton
 - D. ing sisih lor Jalan Rotowijayan, Alun-Alun Lor, Kraton Ngayogyakarta
4. Asmanipun Sri Sultan Hamengkubuwono VII nalika timur yaiku
 - A. Gusti Raden Mas Herjuno Darpito
 - B. Gusti Raden Mas Dorijatun
 - C. Gusti Raden Mas Murtejo
 - D. Gusti Raden Mas Sundoro
5. Kreta sing umure paling tuwa dhewe, yaiku
 - A. Kereta Kanjeng Nyai Jimat
 - B. Kereta Garuda Yeksa
 - C. Kereta Kyai Kanjeng
 - D. Kereta Rata Pralaya

6.



id.wikipedia.org

Gambar Museum ing sisih kiwa iki jenenge

- A. Museum Sonobudoyo
- B. Museum Gunung Merapi
- C. Museum Wayang Kekayon
- D. Museum Benteng Vredenburg

7. Tembung sing tegese ora padha karo satenane yaiku

- A. Tembung camboran
- B. Tembung saroja
- C. Tembung entar
- D. Tembung garba

8. Dadia bocah aja sing *lunyu ilate*, mundhak ora duwe kanca.

lunyu ilate tegese

- A. mencla-mencle
- B. omongane alus
- C. pinter omongan
- D. seneng omongan

9. Wong tuwa iku duwe gegayuhan supaya anake dadi wong *pangkat*.

Tembung *pangkat* bisa diganti tembung entar kang trep yaiku

- A. pinter akale
- B. luhur drajate
- C. luhur budine
- D. landhep pikire

10. Lestari kae landhep ... mulane dadi juara ing sekolahane.

Tembung entar kang trep kanggo ngganepi ukara iki

- A. dhengkule
- B. omongane
- C. pikirane
- D. kawruhe

11. ... panjenengan sampun tindak wonten Museum Wayang Kekayon?

Tembung pitakon kang trep yaiku

- A. Pundi
- B. Sinten
- C. Pinten
- D. Menapa

Gatekna pratelan wacan iki kanggo mangsuli pitakon nomo 12-13!

Monumen Yogya Kembali dumunung ing Jongkang, Sariharjo, Ngaglik, Sleman. Monumen Yogya Kembali pinangka tetenger sejarah mundure tentara Walanda saka Ngayogyakarta tanggal 29 Juni 1949. Monumen awit prakarsane Kolonel Sugiyarto, walikota Ngayogyakarta. Peresmian monumen lan tandha tangan prasasti tanggal 6 Juli 1989 dening presiden Suharto.

Kapetik saking Sinau Basa Jawa kaca 3

12. Ukara baku wacan ing dhuwur yaiku
 - A. Monumen Yogya Kembali dumunung ing Jongkang, Sariharjo, Ngaglik, Sleman.
 - B. Monumen Yogya Kembali pinangka tetenger sejarah mundure tantara Walanda.
 - C. Monumen Yogya Kembali awit prakarsane Kolonel Sugiyarto, walikota Ngayogyakarta
 - D. Peresmian monumen lan tandha tangan prasasti dening presiden Suharto.
13. Gagasan baku wacan ing dhuwur yaiku
 - A. Tetegere sejarah
 - B. Diprakarsai Kolonel Sugiyono
 - C. Peresmian Monumen Yogya Kembali
 - D. Dumununge Monumen Yogya Kembali
14. Gawea 5 ukara kang nyritakake babagan Museum ing Ngayogyakarta!
15. Apa tegese tembung entar ing ngisor iki!
 - a. Jembar kawruhe
 - b. Adus keringet

KD 3.2

Gatekna Tembang Mijil iki kanggo mangsuli pitakon nomor 16-17!

Dedalane guna lawan sekti,

Kudu adhap asor,

Wani ngalah dhuwur wekasane,

Tumungkula yen dipundukani,

Bapang den simpangi,

Ana catur mungkur.

16. Guru wilangan lan guru lagu tembang iki yaiku
 - A. 10i, 6o, 10e, 10i, 6i, 6u
 - B. 10i, 10o, 10e, 6i, 6i, 6u
 - C. 6i, 10i, 6e, 10o, 6i, 10u
 - D. 6o, 6i, 6e, 10i, 10i, 10u
17. Piwulang kang trep karo tembang Mijil ing dhuwur yaiku
 - A. wong kang duweni sipat umuk lan maido
 - B. wong yen salah lan diseneni mesthi maido
 - C. wong sing sregep ngangsu kawruh nanging-seneng maido
 - D. wong sing kepengin unggul kudu andap asor ora oleh umuk

18. Watake tembang Kinanthi yaiku
- A. Seneng, asih lan tresna
 - B. Gagah, kuat lan prakasa
 - C. Trenyuh, gandrung lan prihatin
 - D. Gapyak semanak, kekancan lan sabar
19. Tembang Mijil lan Kinanthi iku diarani tembang
- A. campursari
 - B. macapat
 - C. dolanan
 - D. modern
20. Tembang Mijil iku ana ... gatra.
- A. enem
 - B. pitu
 - C. wolu
 - D. sanga

Gatekna tembang Kinanthi ikil

Kang aran bebuden luhur,
Dudu pangkat dudu ngelmi,
Uga dudu kapinteran,
Lan dudu para winasis,
Apa maneh kasuhihan,
Angingmung sucinging ati.

21. Tembang Kinanthi ing dhuwur nduweni:
- a. Guru gatra cacahé
 - b. Guru wilangan lan guru lagu yaiku

KD 3.3

22. Perang antarane Pandhawa lan Kurawa diarani
- A. Perang Baratayuda
 - B. Perang Kembang
 - C. Perang Tandhing
 - D. Perang Brubuh
23. Putrane Raden Janaka kang gugur ing perang Baratayuda yaiku
- A. Raden Gathotkaca
 - B. Raden Abimanyu
 - C. Raden Antasena
 - D. Raden Antareja

24.



teguhraharjo.blogspot.com

Gambar tokoh wayang iki nduweni watak

- A. seneng tetulung
- B. luhur bebudene
- C. srakah lan murka
- D. nengenake kautaman

25. Gegamane raden Werkudara yaiku

- A. Jimat Kalimasada
- B. Kuku Pancanaka
- C. Panah Pasopati
- D. Senjata Cakra

26. Kang kalebu punakawan yaiku

- A. Werkudara, Gathotkaca, Togog lan Karna
- B. Duryudana, Durna, Nakula lan Sadewa
- C. Angkawijaya, Petruk, Bima, Janaka
- D. Semar, Gareng, Petruk lan Bagong

27. Perang Baratayuda suwene ... dina.

- A. rongpuluh
- B. sangalas
- C. wolulas
- D. pitulas

28. Paribasan *Nglungguhi klasa gumelar*, tegese

- A. panggawean sing ora ana paedahe
- B. wis kepenak ditambahi kepenak maneh
- C. duwe karepan kang mokal bisa keturutan
- D. nindakake panggawean kang wis tumata

29. Wong kang kakehan omongan nanging ora ana nyatane, paribasane

- A. Kagedhen empyak kurang cagak
- B. Kakehan gludhug kurang udan
- C. Dhalang karubuhan panggung
- D. Cebol gayuh lintang

30. Yudhistira iku *pembarepe* Pandhawa.

Kosok balene *pembarep* yaiku

- A. Wuragil
- B. Panggulu
- C. Panengah
- D. Pandhadha

31. Garwane Prabu Destharasta asmane

- A. Dewi Gendari
- B. Dewi Madrim
- C. Dewi Kunthi
- D. Dewi Arimbi

32. Gambar wayang Gathotkaca kang trep yaiku

A.



wayang.wordpress.com

B.



kluban.net

C.



wayangkulit.mp3.blogspot

D.



Kejawenwetan.blogspot

33. Bapak lagi nonton wayang lakone Karna Tandhing.

Basa krama ukara ing dhuwur yaiku

- A. Bapak nembe nonton wayang lakone Karna Tandhing.
- B. Bapak nembe mriksani wayang lakone Karna Tandhing.
- C. Bapak saweg nonton wayang lakonipun Karna Tandhing
- D. Bapak saweg mriksani wayang lakonipun Karna Tandhing.

34.



Blog.hadisukimo.co.id

Gambar wayang iki!

- a. Asmane
- b. Kasatriyane ing ...

35. Apa tegese perang ing ngisor iki!

- a. Perang kembang tegese ...
- b. Perang brubuh tegese

---ooOOOoo---